# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के ले के प्रदेस के कई जिलन में राजनीतिक दलन क सीनियर नेता अउर स्टार परचारक आजु अलगि–अलगि जगहिनि पर चुनाव परचार कइलें। सीनियर भाजपा नेता अउर केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह आजु कौशाम्बी संसदीय सीटि में राजनीतिक रैली के सम्बोधित करत कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आतंकवाद अउर नक्सलवाद के खतम कइ दिहले हवें। उहां के देस के सीमा के अउरियो बेसी सुरक्षित बना दिहले हईं, जबकि समाजवादी पारटी अउर कांग्रेस क नेता क कहनाम हौ कि जो त ऊ सत्ता में अइहें त धारा तीनि सौ सत्तर के खतम कइ दीहें।

भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अमेठी के गौरीगंज के सभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि बरिस दुइ हजार ओन्नइस में रउवां सभे क्रांतिकारी फैसिला कइलीं। येहू बेरि जनता मोदी जी क जीति तय कइ दिहले हौ, जेकर गूंज लखनऊ से दिल्ली ले सुनाई दे रहलि हौ। उहां के लखनऊ के मोहनलालगंज लोकसभा क्षेत्र के सिधौलियो में एगो जनसभा के सम्बोधित कइलीं। ओहां उहां के कहलीं कि कांग्रेस ई दुस्प्रचार कइ रहलि हौ कि भाजपा संविधान बदलि देई, बाकिर इतिहास गवाह हौ कि अबहिन ले कांग्रेसे संविधान बदलले हौ।

सपा प्रमुख अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव बाराबंकी में इण्डिया गठबंधन क ओम्मेदवार के पक्ष में जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के भाजपा अउर बसपा पर एक्के साथे निसाना सधलें अउर कहलें कि बहुजन समाज क लोगि गठबंधन ओम्मेदवार के जितवले में मददि करें। उहां के आरोप लगवलीं कि भाजपा सरकार नौजवानन के भविस्य के साथे खेलवाड़ कइले क काम कइले हौ।

**********

लोकसभा के चउथा फेरा क तेरह सीटिन बदे बिहने ओटि परि। येह सीटिन पर निस्पक्ष चुनाव करावे बदे पोंलिग पारटी मतदान वाले जगहिन पर पहुंचि गइल हवे। चउथा फेरा में परदेस क शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच संसदीय सीटिन पर ओट परि। येह सज्जों सीटिन बदे मतदान भिन्नही सात बजे से सुरू हो जाइ। निर्वाचन आयोग सज्जों मतदान वाले जगहिन पर सुरक्षा क कड़ेर इतिजाम कइले हौ। स्वास्थ्य से जुड़ल समैस्या के समाधान बदे मेडिकल क टीमियों तैनात कइल गइल हौ।

**********

भारतीय जनता पारटी क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने अपने संसदीय क्षेत्र बनारस आ रहल हवें। उहां के बिहनही लंका सिंहद्वार से काशी विश्वनाथ धाम ले रोड–सो अउर फेरि काशी विश्वनाथ मंदिर में दरसन पूजन करबि। परसों भिन्नहि काल भैरव मंदिर में दरसन पूजन के बादि उहां के कलेक्ट्रेट पहुंच के आपन नामांकन परचा दाखिल करबि। एकरे बाद उहां के रूद्राक्ष सभागार जाइबि। ओहा उहां के बूथ कार्यकर्ता, पदाधिकारियन, जनप्रतिनिधियन अउर समाज क प्रबुद्ध जन के साथे बातचीत करबि। भाजपा क सीनियर नेता अउर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आ भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि संझा बनारस में प्रधानमंत्री क कार्यकर्म के तैयायरियन क समीक्षा कइलें। श्री शाह आजु बनारस के कैंटोनमेंट इलाका में भाजपा के मीडिया सेंटर क उद्घाटनों कइले। चुनाव तैयारी के सज्जों गतिविधियन क जनकारी येही सेंटर से दिहल जाइ। येह बिच्चे नमामि गंगे, गंगा पूजन कइके प्रधानमंत्री के रोड–सो बदे काशी के लोगिन के आमंत्रित कइलस। सथही मदर्स डे पर माँ गंगा क दुग्धाभिषेक कइ के पीएम मोदी बदे आसीरबादों मंगलस।

**********

प्रदेस में समाजवादी पारटी आम चुनाव के सतवां अउर आखिरी फेरा बदे पारटी ओम्मेदवारन क एगो अउरियो सूची जारी कइले हौ। पारटी मिर्जापुर से रमेश बिंद के मैदान में उतरले हौ। पहिले सपा मिर्जापुर सीटि से राजेन्द्र बिंद के टिकट दिहले रहले बाकिर जब भदोही से बीजेपी सांसद रमेश बिंद समाजवादी पारटी में सामिल हो गइलें त अखिलेश यादव उन्हें टिकट दे दिहलें। अब रमेश बिंद क मोकाबिला एनडीए क सहजोगी अपना दल क अनुप्रिया पटेल से होई। एकरे अलावा सोनभद्र जिला के रॉबर्ट्सगंज संसदीय सीटि से छोटेलाल खरवार के टिकट दिहले हवें। दुन्नो सीटि बीजेपी गठबंधन के तहत अपना दल के दिहले हौ। येह सीटि बदे एक जून के ओट परी।

**********

मणिपुर क राज्यपाल अनुसुइया आजु अजोध्या पहुंच के रामलला क दरसन पूजन कइलिनि। उहां के मणिपुर में सान्ति बहाली बदे प्रार्थना कइलीं। उहां के कहली के पूरा देस में सुख–सान्ति अउर सदभावना बनल रहे, इहे उनकार कामना हौ। खासतौर से मणिपुर क लोगि एक दूसरे क प्रति सदभावना रखे अउर प्रेम के साथे रहे। उहां के कहलीं कि ऊ रामलला से प्रार्थना करे आइल रहलि की मणिपुर फेरि से विकास के ओरि आगे बढ़े अउर लोगिन में फेरि से भाई चारा बनल रहे।

**********

गोरखपुर क कई गो स्वास्थ्य इकाइयन पर आजु नर्स लोगिन के सम्मान में एक मिनट ले ताली बजा के अन्तर्राष्ट्रीय नर्स दिवस मनावल गइल। येहि मौका पर नर्सिंग सेवा क आदर्स फ्लोरेंस नाइटेंगिल के मुरती पर फूल चढ़ा के उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर चरचो कइल गइल। जिला क मुख्य चिकित्साधिकारी डाक्टर अशुतोष कुमार दुबे येह मौका पर नर्स लोगिन के बधाई देत कइले कि चिकित्सक डाक्टर के गैर मौजूदगी में स्वास्थ्य सेवा के प्रति विस्वसनीयता बनावल रखले में नर्स खास भूमिका निभा रहलि हइनि।

**********